

A. S. Tanoewiredja
Telefoon (huis) No. 121

Di kaloeareun koe Pagoejoban „Pasoendan” tjabang Tasikmalaja saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeifakeun

Redacteuren :

Hoofdkantoor di Tasikmalaja : Pasarstraat 36

Bijkantoor di Bandoeng : Pangeran Soemedangweg No. 115

Mo. Soetisna Sendjaja

Redacteur di Bandoeng: Bakrie Soeraatmadja,

Telefoon No. 2373

Mohamad Koerdie

Agent - agent Sipatahoenan: de Globe di Amsterdam, Fortuna di Kebondjatiweg No. 5 Bandoeng telefoon No. 2665
R. Achmad Sobandi Garoet, Moehanda di Tjandjoer, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, djeung D. Wirianata di Tjiamis

PANGAOS LANGGANAN

1 saah f 1.70, sakwartal f 5.—
loear Indonesie f 7.50,
pembayaran ti pajoen.

No. 11

Rebo 14 Januari 1931 — 24 Rewah 1349

Taon ka 8

Lalakon pilihan Volksraad.

Salasoeorang redactur Sipatahoenan kabeneran papanggih djeung hidji kiezer ti kaum P. P. B. B., teu karana ditaros, djol-djol pok bae ngalalakon, ngalalakonkeun perkara pilihan anoe geus poegoch bocahna, sakoemaha pangawar dina ieu kabar.

Madjarkeun teh, plong ngem-plong perasaan teh ajeuna mah teu patir diwewong teuing, soe gan moal meunang soerat soerat deul. Estoening mani lieur kamari ieu mah. Noe propaganda ti Pasoendan mani unggal papanggih; nampa soerat ti fractie Batawi mani doca kali; ti kaum poelan sorangan poegoch deul teu koedoe ditjaritakeun. Malah actie Garoet mah komo, djaba ti koe soerat teh koe lalambe deul. Toengtoengna bingoenog noe aja, na koemaha bet loba-loba teuing noe hajang. Naha koe rek boemela tea stawa koe tiloe poeloe roepia?

Diseboerkeun rek boemela, aroeh da karasa koe awak pribadi, madjarkeun teh, asa leuwih laloeasa ajeuna rek ngam-djoekun rahajat mah, da aja dina leungeun sorangan, sarta moal katara. Diseboerkeun rek ngabela pakoempoelan, asa ieu koedoe abring abringan katoeroeg toeroeg make dipareboer keun dina kalangan sorangan.

Diseboerkeun koe soerat, sapedah djoeragan djoeragan ti Garoet oge leden P. P. B. B., tapi partantel tjanter djeung Hoofdbestuur, nepi sili toeding; tje Garoet, madjarkeun teh, hoofd bestuur rek noeloeng familie Soekapoera; demi tje hoofdbestuur lain familie.

Ari tje koering, saer eta kiezer teh, ngan oekoe njaho jen djrg. Soearja teh anoe poegoch mah adi beuteung djrg. Wiradlatmadja. Djadi roepana tina perkara ieu, soesah dikespeusnana.

Geus kitoe, madjarkeun teh, djol deul bewara ti boeloe wotan, anoe koedoe didjieun nomer tiloe ten oelah djrg. Abas, tapi koedoe djrg. Prawi-koesoema. Koe aja kieu djol deul beuki hemeng, beuki lieur, djeung asa didjieun parabot geusan ngarangsod batoer.

Ti djaman pilihan noe ti heula djoeragan Abas teh geus ngalamoca naker palaj djadi lid Volksraad, sarta didamel saeutik eutikeua sangkan laksana, ngan handjakal teu bisa kapilih. Dina katompernakeun pilihan ajeuna, masih keneh palaj, tapi barang goedjroed-goedjroed dalem Serang rek moendoer pan sioen, bet ngadak-ngadak teu keraa dikanditakeun, sarta ka beneran diganti koe noe rek pangloen, kalawan di barengan koe aksi Serang.

Tah kitoe sababna noe matak lieur tje kiezer P. P. B. B. teh. Kapan palaj, kapan djadi teu palaj. Ngan wallohoe alam, lamoen sili djeudjeh keun. Alo, ngadjeudjehkeun soepaja rama djadi lid, soepaja dimana geus mandira oelah eu weh damel teuing; ari rama . . . ngadjeudjehkeun alo, soepaja bisa ajekrawati. Djadi tjara pata noe toetoekeuran, djeung kabi roejoengan pada tje kcp doelians.

Noe soom panties djadi dalem aa, noe sepeh panties djadi

elidna, loba loeang. Ngan doeka beres henteuna dina kalangan P. P. B. B., madjarkeun teh. Naha geus moepakt heateuna ngaganti kandidat, da teu ngoe-ping aja referandum. Estoe poek dina palebah dieu mah, tje kiezer teh. Djalan naon noe pabalioer dina ieu oeroesan teh, apa tjari oentoeng, apa tjari aamo, apa tjari . . . tjari.

Ana pek teh candidat ti Garoet, djrg. Soeria Karta Legawa, boedak mamang anoe geschicht pisan pikeun elidna teh. Tjaktakan oepama teu ngaloeo-goekeun tebetoe mah, moal salah tangtue toeloes kapilihna teh, sanadjan paboels, pasoeiwer soerat soerat djeung propaganda oge. Boekrina ajeuna oge, nadjan disegagan koe hoofdbestuur P. P. B. B. teu boeroeng meunang 79 soera. Sabab kieu verslagna teh :

Soerat seteman anoe katam pa keur kring West Java aja 342. Kiesquotient diretepekeun 86. Tina matjan mimiti (eerste lezing), barang nepi ka soerat no. 214, djrg Wirianata koesoema meunang 86 soera. Djadi andjeunna kapilih pang heulana.

Geus kitoe matjanana dire roeskeun nepi ka soerat no mer 330 djrg. Oto Iskandar djago Pasoendan kapilih deul meunang 86 soera.

Tidina teroes dibatjan ne pi ka beak : djrg. Wiradlatma dja meunang 29 soera, djrg. Thamrin 32, djrg. Prawlako soema 28, djrg. Soeria Karta legawa 46 djeung djrg. Atik 21.

Geus kitoe matjan kadoca (2e. lezing). Kakara nepi ka soerat no. 208 oge djrg. Wira di Atmadja geus meunang 86 stem. Djadi andjeunna noe ka pilih nomer tiloe. Demi noe sedjen mah : djrg. Soeria Karta legawa 79 soera, djrg. Thamrin 57, djrg. Prawlako soema 39, djeung djrg. Atik 54.

Tah kitoe, madjarkeun teh uitslagna teh. Djigana lamoen sa la saoeorang noe kapilih teu nari ma teh, noe pingantieu noe tangtue teh djrg. Soeria, noeroer keun soera eta mah.

Ieu kalicuran djeung kabingoe ngan tje kakara ajeuna dikedal keun teh, nja eta bakaling koe geus pinoch teuing, katoeroeg-toeroeg geus anggeusan pill heunana. Ngan ka hareup mah rek diingetkeun pisan, lamoen sakira kira rek didjieun taradje woengkoel mah, moal ambil poesing.

Ke ieu kiezer P.P.B.B. noe geus njarita kitoe, oerang noe ngabandoengan koedoe landoeng ajeun, bisa njaritana kitoeana teh teu sacjana. Koe noe oeninga pisan dikajajanaana familielatie djeung perdjandjian perdjandjian di belakng mah, tangtue bisa ngacnjekeun henteuna ka na eta lalakon.

Ngan estoening deradjar, pi keun Pasoendan mah anoe haladna teu sakoemaha reana make hasil maksoedna. Ieu mah estoening deradjar, pang roeh djangkoeng koehoer.

Moal salah piwawaneneunana baé, engke almana geus masa moap, da ari koe paetaan mah djago Pasoendan teh djiga „adoc” pisan. Moedah moeda han!

Tapi sanadjan ti Pasoendan geus aja noe kapilih oge, ari tinggerentesna eta kaum masih keneh bae ngarep ngarep soe gan aja noe dibenoem. Ngan saha kira kirana antara noe li man deul noe rek diprostell-keun naha djrg. Enoch, djrg. Idih, djrg. Loekman stawa saha ?

Pag. Sagawe

Receipt ti P. G. D. tjabang. Tjiamis.

Sawatare poé ka roekang, koe ring di Tjiamis papanggih djeung P. G. D. Kawali. Andjeunna njaerkeun P. G. D. tjab. Kawali, saminggoe ka roekang geus njeun vergadering tapi „katjida aneh” soerana teh, eta vergadering ditoeop koe hite anoe katjida handjakalna, rek proes-tel sakabeh leden leden njoe-hoekeun euren tina kaelidana na, doeka naon sababna saha.

Saer Djoer. Atmadisstra „koering kapaksa, koedoe noeroerkeun sakoemaha pamenta leden, sarta harita keneh teroes ngirim soerat ka H. B. P.G.D. di Madloen, anoe maksoedna menta ditjoret tina stamboek H. B.”

Sanadjan koering lain oerang Kawali tapi boeboehan kanjia djeung bangsa, oge P.G.D. teh di Tjiamis mah keur dipadje padje pisan, tjeuk pikiran asa perloe oge, koering mere pa mandingna ka tjab. Kawali, ba bakoeana ka ledenna.

Samemeh koering njaritakeun naon ari hartina djeung toedje anana vakbond, disoehoekeun ka djoeragan-djoeragan goeroe tjab. Kawali kersa nawakoep, sanes pisan koering maparshan ngodjaj ka meri.

Naon sababna anoe matak koering arek njaritakeun goena na vakbond ? Taja lian pamak-soedna mah, soegan bae pabalik pikir, malikan doerist anoe geus kasorang, ngadegkeun deul P.G.D.

Djoeragan-djoeragan ! Sabagian kaum oerang goeroe sakola desa, loba keneh anoe nanjakeun naon maksoedna djeung toedjeanaana P. G. D., sanadjan remen ditjaritakeun dina vergadering oge, tapi di loear mah teu welch-welch anoe naranjakeun mah. Ka noe karitoe koering henteu heran, da memang kitoe koedoena, sanadjan diterangkeun sababara ha kali oge, oepama atjan ngartil mah teu beunang njeboet ngartil.

Oge koe oerang teu beunang diseboer belet, ngan atjan ngartil tina hal eta.

Tina eta, koering ngagero ka sadajana djrg. djrg., oepama djrg. atjan ngartil, troskeun bae ka salira koe andjeun, noan anoe dimaksoed koe djoeragan teh ? Sabab noe ngadajga, noe noeloeng djeung noe ngamadje-keun teh, taja lian ngan pikir oerang sorangan. Pendekna P. G. D. teh, beunang diseboerkeun „beuteug” djeung „pakarang” pikeun sarere goeroe desa.

Tapi sanadjan toedjeana P.G.D geus remen ditjaritakeun dina koempoelan koempoelan, hite koering masih atjan poes, boek tina masih aja keneh noe mopo satengahing djalan. Koe lantaran kitoe kapaksa koering rek njaritakeun sakali deul.

Djoeragan djoeragan ! Sagala dadamelan Goestil Al lah anoe obah teu kalawan angin, eta barang koe oerang beunang diseboerkeun barang hiroep, sabalikna anoe teu obah koe sorangan, tangtue eta barang pach.

Ari barang noe obah teh, di soeroengkeun koe hiroep (me sin). Ari diseboer hiroep teh koedoe madjoe, kakara beunang diseboer hiroep. Toeh geuning tetela pisan ari hiroep teh koe doe dibarengan koe kamadjoean.

Di saban saban golongan hen teu saroea kamadjoean teh, aja noe kendur djeung aja noe gantjang. Kendur djeung gantjangna kamadjoean teh didjadi keun koe hidji sabab.

Kasjaan doena teroes madjoe make djalan evolutive; P. G. D. oge sabisa bisa koedoe kitoe. Ajeuna oerang geus nepi kana watoena koedoe ngarampoeg hal kaperloean oerang, lamoen oerang henteu miloe, geus tangtue bakal tinggaleun tina kalangan Maatschappij.

Tadi koe koering geus ditjarita keun, mana-mana barang noe obah tangtue hiroep, ari hiroep teh koedoe madjoe. Nja kitoe deul djalma anoe hajang ngobah keun badanna, hartina eta djalma teh hiroep.

Oerang soep kana koempoelan teh, saroea bae djeung rek neangan pibatoereun djeung neangan kakoeatan.

Djoeragan djoeragan ! Sakabeh djalma hiroep, sanadjan djalma kaja, anoe geus teu koerang sandang panganna, tjinderna salikeuk beh, sok pirakoe manehna hiroepna ngarasa senang, lamoen teu aja batoer; djadi ana kitoe batoer teh hidji kaperloean hiroep keur sarere.

Djalma teh beunang kangeu nahan angghorana, teu koerang djalma anoe nendjoon barog-barog anoe araloes, nendjo kancanah alam, dahar kadaharan anoe ngaraguh, ngadegkeun sora anoe aja stoerana. Taja lian eta teh ngan hajang njeunngkeun badanna. Kitoe deul teu koerang-koerang anoe reureudjeungan djeung batoer anoe rek neangan kasenangan, geuning ngadegkeun roemah bola (soos) djeung ngadegkeun pakoempoelan - pakoempoelan. Djadi batoer teh nambahan ka senangna, djeung beuki rea beuki aloes.

Djalma anoe sagala koerang, sok pirakoe hiroepna rek ngarasa senang; djeung oepama djalma sagala koerang sarta hiroepna aja di tempat djalma baleunghar.

Oepama 1 goeroe desa nje- wama di Passarbaroe Bandoeng - hiroepna tangtue pisan bakal nambahan kasoesah, sana djan hiroep goeroe desa dirjam poerkeun djeung hiroep djongos Prianger Hotel oge, tangtue moal ngarasa senang keneh, sabab geus katimbang moal bisa ngodog.

Nja kitoe deul sabalikna, oepa ma hiroep oerang tjampoer ga oel djeung anoe soesahna saroea aja oge kancalangan djeung ka soesahan teh ngoeranganana saeu ilk eutikeun.

Beunang oge diseboerkeun kieu : Oepama kasoesahan diraskeunana babarengan djeung sasamana, eta kasoesahan teh bisa djadi koerang (hampang).

Tapi teu koerang, sanadjan maheha ngarasa soesah masih loba keneh bae anoe tjiingjeun tegesna henteu dsek „loekoem-poeelan djeung batoer.

Noe kitoe oerang tjab bae kana golongan sadaja daja, Ajeuna tangtue koeoninga, babatoeran teh matak ngoerangan, kasoesah, djeung katjida nimatea, oepama oerang meunang redjeki didahar koe sarere (bocahna pakoempoelan).

Sakabeh djalma hiroep, tangtue neangan kahiroepan anoe sampocroa.

Kateranganana kieu : Sakabeh djalma boga tjita tjira hiroep salamet djeung tangtrem (djoenoen).

Ari noe diseboer hiroep salamet teh, kabiasaan lamoen oerang ngarasa : senang pikiran, redjeki meudjehna djeung sehat badan.

Pikiran senang, lamoen oerang manglih nasehat anoe penting keur kaperloean badan oerang, gantjang pisan njerepna kana hite, djadi kanjaho oerang gantjang nambahnana, tapi masing emoei ari loear teh ti pada batoer.

boga redjeki anoe meudjehna papakean koedoe beresih dieung hawa koedoe tjoekeop.

Djadi tetela pisan lamoen djala ma hajang senang hiroepna, sehat badanna, koedoe netepan sakoemaha anoe diseboer di loe hoer.

Moega moega ieu toelisan koering djadi tamba ka tjab. P. G. D. anoe geus koebra, ka tjab anoe keur kasorang gereng djeung ngahoedang ka noe arjan ngadegkeun tjabang.

Timpah haroer noehoen ka Djoeragan Redactie, reh parantos kersa maparin tempat dina lapang Sipatahoenan.

A.K.W.

Indonesia

Bedja ti Batawi

Socrar rasiah
Hidji rechercheur Tionghoa ti diens madat ti Tandjoengpriek geus bisa meunang katerangan, jen hidji smokkelaar ti Bandoeng geus dtaug baris narima madat gelap noe bakal ditoeorenkeun tina kapal „Tjisalak.”

Eta smokkelaar teh meutingna di Batawi di sala sahidji hotel Tionghoa.

Koe rechercheur noe kaseboer di loehoer eta smokkelaar teh geus beunang dipikat, disang goepna jen katjida „babarina” keur hidji politie mah ngaloear keun eta barang gelap teh. Babadaman geus salse, smokkelaar mere soerat rasiah sapotong meunang ngadoeakeun ka politie, soepaja noe kaseboer pandeuri tengah peuting datang ka kapal „Tjisalak” neundeun eta soerat tea kana tambang anoe tangtue bakal diroembajkeun tina kapal.

Tandana, lamoen eta soerat sapotong tea saroea djeung anoe geus dibikeun (aja) di sala sa hidji pagawe kapal anoe kapapan tjanan ngocroes eta barang gelap, engke madat teh ditoeoren keun, sarta dina harga eta barang, politie baris dibere sawatara persen.

Chef politie geus dibedjaan, sarta teroes ngatoer keur ngin tipna eta kalakocan. Tengah peuting rechercheur Tionghoa teh ngadjalakeun sakoemaha anoe geus dibadamikeun tea, sarta saboeerna, teu koengsi li ta deul ditoeorenkeun saka roeng madat sate harga 5000 roepia.

Kalawa geus rapih babadami an djeung chef politie madat, eta karoeng teh dibawa balik ka imah rechercheur tea, dirah soepaja sakoemaha noe geus di djandjikeun, smokkelarna datang ka dinja baris njokot ma datna.

Waktie eta smokkelaar da tang ka dinja, di loear chef po litie djeung sabaladna geus ngoempoel, sarta teu bisa an poen deul, toekang serong teh beunang koe „pitapak,” toeloer diasoepekeun kana tahanan. Pa gawe kapal anoe miloe basilat, nepi ka ajeuna tjan bisa dita loenguk saha-sahana.

Watek tigerat.

Poe Djoemah kamari isok-isok di kampoeng Rawa Tjem paka Poeth geus kadjalan pa sea rongkah antara dua Indone siers ngaran H. Saprin djeung Abdoel-Asim, noe hidji toekang awi djeung noe hidji deul toe kang hateup. Ari lantaranana, Abdoel Asim boetang ka H. Saprin f 2.80. Noe kaseboer pandeu ri nitahan boedjangna menta ha rep ka Abdoel-Asim saharga hoetanga, itoeng-itoeng ngah, tapi koe noe ditagih teh ditolak kalab ka ditangtang, tjanah ari wani mah datang bae tjokot koe sorangan.

Dasar euweuh noe sahocloe eun, noe boga docit teh ngagi dig barl mawa awi sapotong, sarta teu diengkekeun deul te-roes paca rongkah, silih tja-

Kantoor Fortuna.

Ti ngawitan saah ieu rekening panagihan waragad Sipatahoenan di kota Bandoeng di djalankeun koe kantoor Fortuna noe ajeuna geus bisa ngabagi-keun koran di kota Bandoeng.

Ngajakeun ihtar kieu, teu aja deul noe dipambrih soepaja ngagampangkeun ka noe ngah djeung ka noe ditagih, saban poé bisa beberes ka looperna eta kantoor.

Enggal deudeul

Fonds Sapoeloe reboc

bok, tampiling djeung silih ba tjok, toengtoengna H. Saprin pajah, kapaksa koedoe disina tiirah di C.B.C.

Katjilakaan di djalan.

Di Tjilwoenglaan geus ka djadian katjilakaan, mobil B. 13813 neunggar kana ribang lantera gas nepi ka roeboehna, nja kitoe deul mobilna roeksak noe lain loemajan.

Mobil noe kaseboer di loehoer keur didjalankeun tarik, soepir na djadi kaget, lantaran koe ka loearna mobil B. 2489 ti Alataa laan anoe agadadak toer teu mere tanda heula. Lantaran reu was tea, soepir teh djadi goe-goeop, gantjang mengparkeun mobilna sicun diadoe, tapi teu loepoer tina tjilaka, nja eta neunggar tihang lantera tea. Anoe disalalkeun mobil noe kaseboer pandeuri, B. 2489, malah geus ditoeoreskeun koe politie.

Di sawah Besar kapanggih aja tihang lantera roeboeh. Noe roetkeun tanda tandana, tangtue ditoebroek mobil anoe tarik pisan, malah moal boa noe ceungarna oge meunang ka roeksakan, ngan teu kapanggih di dinja bae mobilna, roepana bae teroes dikaboerkeun. Ajeuna eta mobil keur dipapaj ka teranganana koe politie.

Poe Saproe kamari kira-kira djam salapan isok di Kam-poenng Djawa [Molenvliet West] geus kadjalan katjilakaan anoe pohara matak sedihna.

Hidji delman geus katoebroek tram nepi ka bagian hareupna potong, kikipingna rikes, geus teu poegoch roepana, nja kitoe deul koedana roeksak, taratoe dina soekoena.

Koesirna ngaran Sibon oerang Grogol, tibanting kaloear teroes kasered koe tram nepi aja 20 meterna. Tatoena matak ngeues, manehna ngagoler mandi gerih, lantaran kasjaan sakitoe pajahna, soekoena disangka potong pisan lebah bitisna, toeroer djeung pingpingna oge roeksak. Anoe pangpangna pisan mah raranganana, nepi ka meh sapat, sarta djaba ti eta dina badan, beu-geur djeung sirah pinoch koe tatoe anoe henteu mokaha, nepi ka disangka djwana eta korban teh samar bisa katoeloenang.

Noeroerkeun kateranganana anoe njarakaan eta katjilakaan mah, lantaranana teh bidji Her man anoe salah ngadjalan keun mobilna. Manehna djalan toekangeun delman, ari noe ka seboer bieu (delman) lantaran njaho di toekang aja tram, nja rada ka beulah katoehoe, tapi roepana lantaran mobil hajang ngaliwatan, sedeng delman rada ngutoehoe lantaran aja tram, mobil teh neunggar delman beu lah toekang, nja nepi ka ngole wengna ka kentja, teroes ditoe-broek tram sakoemaha noe di tjaritakeun tadi di loehoer.

Ieu kadjalan ajeuna keur oeroeskeun koe politie.

Bedja ti Soerabaja.

Ngoeroes orok. Koe ajana lezing Dr. Soetomo dina kongres P.P.I. di Soerabaja geus diadegkeun hiji pagaoejoban kaom iboe, noe dipingiranan Darmo Hoedodo. Toedjoenan ieu pagaoejoban mere pitoedoech ka djalma djalma di kampoeng tina ngoeroes orok. Pritali djung kaajaanana doelt, saheulaanan noe rek dipigawe teh di kampoeng kampoeng Ke majoran djung Kalongan, noe bakal diajaja verpleegster. Ieu noe 2 kampoeng sok diamoek koe malaria. Engkana lamoen dipikaresep koe djalma rea djeung aja doeltina tangtoe ieu pagawean rek dilegaan ambahana na ka kampoeng kampoeng noe sedjen. Dr. Soetomo djeung Dr. Soerjatin bedjana geus djang dji ka eta pagaoejoban jen rek mere pitoedoech dina sagala pagawean, koe mere advies d.r.r.d.

Keur noe mareunang toenggara (Merapi). Comité noe didjadikeun koe kaom iboe ti kamp. Kalongan djeung Kemajoran, geus meunang 611 pangadeg (papakean anoe wareuteuh ge loba esparto saroenng djeung kotoe) noe beunang ngoempoekeun ti noe tjaritjing di eta 2 Kampoeng. Poé Djoemah eta papakean geus dikirimkeun ka resident Kedoe di Magelang, kalawan gratis transport dina N.I.S. Ieu comité digawe teroes, sarta meulili meureun bakal ngabestelkeun deui.

Mahala sato. Hidji toekang roda noe ngawitan Kawattan, geus dirapotkeun ka poelisi, koe sabab manehna mahala sapina; koe diteungkuluan tjoenggoerna koe kai, nepi ka getihan, tina tjoenggoer djeung soenggoerna. Toekang tjiar (basa Sb) ngakoe, sarta manehna mere alesan jen sapina mogok.

Ti Lanagerech. Glimin, noe metjak metjak ngeding di tepasna Herman di Wonokromo, koe landrecht di bere tempat di hotel perdio bisi rek teroes ngareureuhkeunana.

Pariman, noe di gawe di hidji toekang soesoe Tionghoa, di tihah koe doeanoganana naghan, erla meunang f 4,50 Tina eta cuoeit manehna ka waroeng ngagun dahar djeung nginoem, nepi ka beakna. Ari datang datang bebedjana jen noe di tagihan teh geus pindah.

Hidji Tjong Hoa, noe geus rjabok hidji awewe Indonesier, noe lain babakoea, koe Mr. Bouma dibere boete f 2,50. Eta Tjong Hoa mere alesan jen awe teh geus wani wani njarekan.

Noe machan di Ketapang. Meunang bedja jen sakoemaha noe geus ditjaritakeun koe Paw. Soer., sarta dina Sip. aja, noe machan awewe di Ketapang teh lain Tjina noe geus maling perhasan awewe sedjen di Hotel (Hotel Bandoeng? Cor.) Noe machan di Ketapang nepi ka ajuna tjan katangkep.

P.B.I. djeung Sari kat Madoera. Meunang bedja, jen paming p'a paming Sarikat Madoera geus netepkeun bakal ngaleu ngikeun eta vereening, sarta ledenna kabeh rek disina asoep ka P.B.I. (Persatoean Bangsa Indonesia), malah djaba ti kiroe teh oge sagala roepa milikna eta vereening baris dipasrahkeun ka P.B.I.

Saejoenan salawasna leuwih hade ti batun sewang sewangan! Katjilakaan noe matak agencs. Poé Saptoe kamari kira kira djam dalapan isoek, di Pakah deukeut overweg geus kadjadi an katjilakaan anoe pohara matak agencs.

Vrachtauto Ford noe datang ti Babat pinoech dimoet koe minjak kalapa, madjoe ka Toeban. Dina lebah overweg (pinoech kareta api) lantaran euweuh noe ngadja soepir henteu bisa ngawitan, jen harita pareng kareta ngawitan, soeuh teu koemaha, nja katjilakaan vrachtauto anoe boet di loehoer ditoe eta aneida.

broek kareta nepi ka antjoerna pisan, lantaran saunggeusna ka toebroek teh teroes kaheroean deui. Teu lila soepirna blaa di tjokot tina rantjang eta vracht auto tapi barang katendjo, sirah na leungit.

Nee wadjib naloengtik leuwih erjes, koemaha lantaran eta katjilakaan anoe ngorbankeun djiwa.

Bedja ti Soebang.

Ronggeng doger. Ieu karasmanan roepana di Soebang mah masih kenech dian teup, malah dipikaresep, sabab saban peuring ngempoech bae, ssrombong nepi ka 10 leuwih mangsaning ronggeng dogerna teh baroedak awewe laleutik kenech naker, anoe sama sakali teu pantes pisan di djoeroengkeun ngudjalankeun kalakoean saroepea kitoe.

Kapan ronggeng doger atawa ngedoger teh kaseboet atawa ka asoep kana sala sahidji kalakoe an anoe temahna bisa ngotoran kana kaadaban dipi hiroep koem hoeb bangsa oerang, hidji paka saban anoe moel beunang disc boerkeun soeiji djeung bisa nga datangkeun ganggoean kana ka amanan nagara, boektina disedjen sedjen tempat mah, boh di kota-kota atawa di distrikt, geus leungit, soemawonna di Priangan geus diboeboerak koe pergersan rahajat, dihasmi koe para politie.

Baroedak awewe anoe laleutik kenech, didjieun ronggeng doger kitoe teh, bisa ngadatangkeun karoeagan anoe lain saeutik haritina, roegi pikua dirina pribadi, kat- et ngembieng bang sana.

Lomoen ieu salah, Pasoendan Djakarta geus terokuh ngabasmii noe kitoe, tjara noe ha reto didjalitkeun koe Pusoendan Soekaboemi, toer bocahna hade.

Meureun Pasoendan Soebang oge moel tjtjingeun.

Aloes pisan lamoen kaom Isiri oge sasarengan ngabasmii eta hama.

Pirakoe politie Soebang oge tjtjingeun, pertjaja timpah ti heula, jen sakeudeung deui pisan, oerang moel nendjo deui karasmanan anoe diterangkeun di loehoer, di Soebang!

Tooneelvereeniging "Resmi - Galih". Ieu pakoempoelan tooneel anoe diadegkeun di Soebang, ampir oenggal malem Minggoe sok ngamen ka Ondernemingen, anoe saban saban beubeunangan didermakeun ka sakola Ardjoena (Pasoendan), malah malem Minggoe tadi oge maen di tempat blooscoop dirg. Awik, beubeunanganana pikeun Merapi fonds. Toeroeanean!

Lalaki tamarakan. Kenech mobil nagan W. (arg), oerang dessa Dangdeur, geus wani ngoromeoh hidji boedak parawan, oerang dessa Pasir Kureumbi. Poetoesan kolotna katjida halonna, eta boedak parawan tjanah koedoe dikawin.

Merapi-fonds. Secretaris Pasoendan Tjabang Poerwakarta geus masrahkeun doelt, reana f 23,38 ka Toean Resident Krawang. Voorzitter Merapi Comité di Poerwakarta, anoe beunang ngoempoekeun eta pakoempoelan koe djalat ngiderkeun liist (Garage).

Communist ngagantoeng maneh. Anjar kenech dina Sipatahoenan geus dimoet bedja hidji communist anoe aja di boei Tjiplang ngaran Amat Kasiran asal ti Bogor geus tega kana njawana, ngagantoeng maneh di djero boei. Diba ti eta teh dina Sipatahoenan anoe kamari mh koengsi diwarkeun dina boofd artikel communisten anoe ngagarantoeng maneh teh, djadi hidji pertanjaan anoe pohara moeclana.

S. S. geus noelits kieu: Communist anoe geus kaso hor ngaran Sahroen geus di tangkep koe districthoofd Datoek Madjolelo di Taroenng, Solok. Samemeoha diajakeun papariksaan, Sahroen diasoepkeun kana

tehanen di Solok, sarta saunggeusna papariksaan reres, eta communist teh dikirimkeun ka Sawahbento, dipandjara di dinja. Ajeuna noeroerkeun bedja ti noe beunang dipertjaja, dina tanggal 15 boelan toekang December, Sahroen teh kapanggih kari majitna di djero boei, ngorbankeun djiwana koe djalat ngagantoeng maneh.

Merapi ngamoek deui. Goenong Merapi dina poé Minggoe kamari, geus ngamoek deui, malah ngaleuwihna ti poé mimiti ig. 19 December tea.

Geledeogna bitoe nepi ka kadenge ka Magelang. Nge wadjib geus marentah keun ka noe darcukeut ka dinja soepja njaringkah.

Di Balong bestuur marpentah keun ka kilal Balong djeung moerid moeridna soepja geuwat geuwat njingkah, tapi keukeuh henteu ditoeeret.

Noe meunang maeng. Dina poé Senen kamari ka kamari kaboepten Ngandjoek aja noe datang ti desa Soedimorohardjo, diiringkeun koe pamarentah desa eta, mawa gorongan meong toetoei, beunangna koe senteg, malem Saptoe 9/10 Januari 1931. Maengna teu tjarjat aneem, hiroep kenech djeung tatan ngaroeksaq nanson.

Pandjangan ti hoeloe nepi ka nae boentoei = 2 M djangkoeangna 1/2 M. ari beunangna ti leuweung, kampoeng djeung desa Soedimorohardjo, kajamatan sawahna district Berbek, dieupanna koe andjing dina sentegna.

Priangan

Ngalereskeun. Dina Sipatahoenan poé Saptoe kamari dina kabar pilihan lid Volksraad, di dinja aja kali mah "Noe djadi reservena, oepa ma noe kapilih tea henteu bisa ngudjalankeun kuadilana enz. Eta salah tintjak, lain ka djalana na tapi koedoe ka elidana na. Ieu kasalahan koe djalat kieu dibenerkeunana. Moega ditawakoe!

Bedja ti Soekaboemi.

Madjlis kaboepten Soekaboemi. Teu beda ti madjlis madjlis Kaboepten sedjen, R.R. Soeka boemi oge dina poé Saptoe toekang geus ngajakeun pasmoen. Antarana ngabudmikeun perkerana:

- a. Rekesan Nji Rd. Patmah es menta soepja tanah wakap di Tjissat, noe ajuna dipake pa sst, padjagalan, aloen aloen djeung bale desa, dipoelangeun ku shliwaris noe mere wakap, anoe ajuna geus tilar doenja. Soerat soerat ti Directeur B. B. djeung Adviseur van lal. zaken sarta verslag Commissie anoe didjieun koe R.R. henteu bisa ngesahkeun, anoe sidik, saenjana eta tanah teh tanah maon djeung saba noe boga asal, nepi ka koedoe djaroe make djalat badami, sarta Commissie djeung College ngahatoeran bongbologan ka Raad, soepja tanah noe dipake aloen aloen dipasrahkeun ka dessa Tjissat djeung Sockamenah. Pa djagalan djeung pasar ka R.R. sarta R.R. koedoe masihan pa meuli soeka (tegemeokouing) ka ahli waris. Ari noe dipake bale dessa Tjissat, dibikeun ka dessa.
- b. Soerat ti madjlis Gedepu teerden hal robahan aoran ngadja bahaja kaheroean di djero Kaboepten Soekaboemi, disahkeun.
- c. Robahat bisioelt hal katang toean tempat moechna ngawit keun di s. r. ngantet kana soersta Adviseurna Int. zaken, di sahkeun.
- d. Netepeun begrooting Int. Crediterinstellingen di djero R.R. Soekaboemi pikun taoen 1931, lobana f 6693 81.
- e. Ngantet kana soerata Goeverneur Djawa koelon, hal ngasoepkeun pagawe R.R. pikeun diadjar soepja bisa miloe samen arsitek, ditolak.
- f. Netepeun bisioelt koehier padjeg papetasan djeung inoemaa kera, pikeun taoen 1931.
- g. Netepeun hal naekna djidj dirg. R. Soendoro Dir. Reg. Werken djeung dirg. D.S. Ardiwinata Opzichter.

b. Moetoeskeun, pikeun saheulaanan R. R. Soekaboemi moel asoep djadi lid "Vlag" (Vercen v. Indische Autonomie Gemeenteshappen), anoe baris diaradegkeun.

i. Porostelan Lid dirg. Noeg raha, menta soepja R. R. maps rin bantoean ka tooneelvereeniging di Paroengkoeda anoe rek msa sarta beubeunanganana pikeun derma ka Merapifonds, koe djalat teu ditarik padjegna. Madjlis ngarempoegan, malah R. R. sorangan rek mere derma doelt, anoe lobana baris ditetep keun koe college van Gecommitteerden.

Ari gerentesna mah kira kira moel koerang ti f 250.

Sadjabana, teu aja noe sakoe maha perloena dibeberkeun di dieu. Tahanan minggat. Mersiti asal oerang kajamatan Soekaradja, anoe kira kira 2 boelan katoekang geus ditahan didjero boei, sabab geus ngabongkar djeung maling roepa roepa barang, teu koerang ti 2 losin tempat, kamari waktoe rek dikirimkeun ka roemah sakit, sabab gering tjanah, geus kaboeer ti sarengahing djalat.

Pasoendan Soekaboemi. Engke poé Minggoe ig. 18 boelan ieu baris ngajakeun ledenvergadering, tempatna di sakolana.

Loba pisan perkara-perkara noe parenting noe baris ditjaritakeun. Pasamoan mimiti baris diboe ka poekoei 9 isoek-isoek.

Bank Coöperatie. Bank-bank coöperatie noe geus karoempoelan ngabagikeun kaentoengana, nja eis: Pasoedaka di Paroengkoeda = 24% Soekatanu dessa Tjikiraj on-district Tjikidang = 32. Sarta dessa djeung onder-district Tjikidang = 20%.

Ari Landbouwcoöperatie Madoetawon mah, di Nagrak Tjibadak di djero kwartaal ka 4 taoen 1930. Saerangna kabagian f 53. — padahal asalna saadela ngan f 150. — saerangna. Kabehna elidna aja 20 djalm. Reservofondsna geus aja f 9000. Pagawcan anoe berharga pisan!

Bedja ti Tjiamis.

Derma Merapi fonds. Meh di sakoeuh tempat dina waktoe waktoe ieu keur meudjuehna rame ngajakeun Comité Merapi fonds. (Derma keur korban G Merapi) Kite deui di Tjiamis saba wahana geus ngajakeun roepa roepa derma koe djalat Opvoering, wedstrijden enz: enz: Sawatara poé katoekang di Tjiamis geus ngiderkeun hidji roda make reog, mentan roepa roepa papakean boetoei djeung sadjabana ti eta, anoe aja goena na keur djelema djelema noe djadi korban G. Merapi, meh pinoech saroda.

Deul keur Merapi fonds. Dina poé Djoemah kamari ieu, golongan particulieren di Tjiamis geus ngorbankeun rana ge nagemen muziek (sriik orkest) ka oenggal imah menta derma keur korban Merapi. Noe djadi laloelogeas R. Galil Koe soemawidjaja.

Beubeunangan beresih loemajan aja f 45.32 (Opst poeloch lima roepiah tiloe ketip sabeng gol) distorkeun ka Comité di Tjiamis. Keur meudjuehna noe ngagemen aroesjeun, salah sahidji bangsa Europa noe moerah batic (Toean Reinders corr.), geus miloe derma 20 (zegge doea poeloch) botol limonade djeung ijs minangka keur soesoegochna. Moel boe aratoeunana djeung wadjib nganoehoeneun.

Hidji bangsa Europa noe sa roepa Djoerang Reinders men isititina koe oerang wadjib di poedji. Tjilaka di gadil moending. Hidji awewe ngaran Almah oerang Nagara-pageuh (Kawali) Tjiamis, keur ngaliwat di djalat. Teu kanjahoan deul geus digadil koe morading galak ti toeka ogeunana. Nji Almah katjida ripoechna, sabab dinr palebah palawangana na pisan anoe dobrak koe ta-

doek moending. Noe tjilaka di bawa ka roemah sakit Tjiamis. Karoeanja!

Poporongan anoe loetjoe. Nji Oelst oemoer ± 30 taoen oerang desa Gobras Manondjaja (Tasik). Kira geus saminggoe katoekang, koe boeret popoto nganana ngaran ldoen oerang kp. Tjiharasas Manondjaja (Tasik) geus disiksa diteunggeulan. Ti semet harita nji Oelst djadi gering. Ajeuna geus tiis toelst ru ga papisah djeung njawa. Lajon na dibawa ka roemah sakit Tjiamis, pikeun dipariksa Dokter.

Tjek achilina: pangpa ldoen terekadon kiroe teh, lantaran rek diroedjoe henteu daekeun. Ieu perkara geus aja dina ngan politie. Gering ngadadak. Lantaran oerang Tjisadap Bangsara Tjiamis, noe tas njaba ti Bandoeng, dina poé kamari keur manehna teroen djeung batoer na tina autobus di pasar Tjiamis, geus ngadadak ketenger meunang panjakit anoe katjida ripoechna. Koe sim koering noe aja di dinja dinaschstan titah dibawa teroes ka roemah sakit, tapi loepoet henteu daekeun, kalah ka teroes koe batoerna di tekeun kana kahar rek di bawa moelang ka lemboerna. Koe lantaran karoeanja djeung bisi panjakitna panjakit manoeer, sim koering nelefoon ka Dirh. Maniri Politie ngoeni nga soepja dipogat djeung dina sehatan (bener politie henteu aja recht maks ka noe gering koedoe asoep roemah sakit, kadjaba keur aja epidemii panjakit menoelar Cor). Ieu mah la in maksan ngan oekoer nganase hutan djeung ngadja bisi, moelom djelema tjan wawoeh djeung Dokter. Koe actiefna politie, noe gering kasoeuel di Bangsara, sarta toeloed dibawa ka roemah sakit Tjiamis bhris ditoeleung. (Rep).

Tooneelvoering Combinatie.

Keur kaperloean Merapifonds. Dina malem Senen tanggal 18/19 boelan ieu koe oesahna bestuur Boedi Octomo djeung Veteranen di Tasikmalaja baris diajakeun tooneelvoering, tempatna di gedong Geloenggoeng Bioscoop.

Katjida koedoe nganoehoeneunana ka directie eta bioscoop, doemeh geus kersa meparit tempit dina peuring eta dibelaan njetop film noe katjida ramena, toer sahenteuna sewasana oge meul moerah. Oerang Tasik, Tjiamis djeung sedjen sedjen tempat, moel boe moenggoeh noe raresep kana liefdadigheidsvoorstelling mah pada merloekna naringali ka binangkitnana eta opvoering combinatie.

Moeranzkalih.

Soerat kabar "Moeranzkalih" hidji soerat kabar pikeun baroe dak noe dikaloerkeun koe Tamam Siswa di Tjandjoer. Noeroerkeun eusi noe aja di na profnumurna, pohara hade na lamoen koe noe djadi sepoeh baroedak sskola diloloelogeokeun. Poergoeh tatan njoekoepan sakoemaha mistina tea mah tapi tangtoe bakal noeroerkeun paedreuri lamoen ieu "Moeranzkalih" geus aja tanagena.

Sport

Maenbal di Tasikmalaja. "Gebeo" (Meropa) — Vidolig II. 2-0. Dina poé Ahad 11 Jan. '31 di lapang Kaboepten Tasik di-jakeun pertandingan antara voetbalclubben noe kaseboet di loe hoer. Nilik kana kaajaan spēlemah, katjida pintsugna, ari sababna pihak Vidolig mah bener oge kaseboet 2e elftal, tapi dina compititie 2e elftallen mah pang oenggoeina, sarta spelersna pikeun di Tasik mah; geus bekend kabeh, tapi ari ti pihak "Gebeo" mah, koe sabab ngadegna oge tjan bener, (malah tjuek bedja, geus sawatara boelan tara trenca atjan) atoch kaajaan spelersna oge, oekoer wawoeh dina wak toe match woengkoel. Sanadjan ieu pertandingan teu koedoe majar oge, ngan oekoer

Kantoren: R. Idih Prawira di Poetra. R. P. Abdolrah Tjokroko-soemo RECHTSKUNDIGEN Nampi padamelan Advocaat en procureur OEROFAN CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA. Di Bandoeng: tel. 1689 Andir No. 7, Pangaran Soemedang tel. 2373 No. 115. Di Garoet: tel. 142 Pawowon No. 10. Di Tasikmalaja: tel. 121 Heerenstraat 14 atanapi Pabriksteeg.

dipentaan doelt sawelasan, goena keur neloeng ka Merapi, tapi kaajaan publik teu beunang diseboet rea.

Pertandingan dipingpin koe scheidsrechter dirg. Oneng, mimiti maen taoboh 5 koerang 5 min. Noe mimiti njepak bal Vidolig II (henteu ngangoe tos). Barang proeng oge dimimitian, geus katara salah sangka, ari sababna katembong pihak Gebeo nja takitna ogabagi bagi bal, bal bisa ka ditoe ka dieu, nepi ka half team stand masih 0-0. Sanggeus ngaso 5 menit pertandingan dimimitian deui. Bal beunang koe kentja loear Gebeo, dioper ka tengah, njampak centervoor, bal disakalikeun nepi ka bisa ngadjadikeun rebahna benteng Vidolig II stand 1-0 keur kameunangan Gebeo. Bal dikatengkeun deui, tapi sanadjan, make perdjandjian frindley gune oge, kaajaan noe maen djadi kotor, nepi ka loba freikik. Hidji sepekan kentja loear Gebeo noe datangna memang merenah, kateam centerfor, sarta teu talangk deui, bal teroes di sakalikeun, nepi ka stand tina robsh djadi 2-0 keur kameunangan Gebeo.

Maen mingkin lila mingkin tjoerang, nepi ka aja hidji speller, Gebeo noe kapaksa dikasi sikeun, lantaran didjedjek soe koena. Koe ajana ieu kadjudian aja hidji publik (bedjana Vice voorzitter Gebeo, sasarina sok miloe maen, tapi waktoe harita teu bisa sabab gering), moer eta noe katjilakaan, sarta mamatahan ka grensrechter, Gebeo soepja sira katjida nalanga keunana kanoe maen kqtor, bisi kadjudian deui tjilaka.

Tapi dasar keur pada napsoe, kaajaan maen tetep kororan, nepi ka back. Gebeo rek di djedjek koe voorhoede Vidolig [koe noe geus ngadjedjek tadi] hadana kaberoe nijingiet, djoel deui voorhoede Vidolig noe rek ngerah ka eta back tapi ditjing tjerkeun deui, anggoer keuna ka bstoerna (noe rek ngadjedjek tea) atoch partij, doeanana ringgoelitik, kabeneran harupeun pisan publik noe kaseboet di loehoer, sarta manehna doeka koe tina resepe nendjo noe potoempang tindih, nepi ka soerat sorangan, ti noe disoe rakan tea, tjengkar, sarta nwardjang rek nondjok, ngan kaberoe kapegat aja noe misah. Sang napsoe ngagoedoeoeg, tapi wa noe megatan, toengtoengna ngaloerkeun tjaritana noe katjida sebna.

Malah tjek bedja mah barang si publik noe kaseboet teh, rek balik didjalat dipogat koe eta sportman djeung doeloerna [naga rah] ngan hadana koe noe babare ngan djeung publik noe kaseboet, dihilangan djadi teu bisa koemaha, ngan aja panangtangan Joelner si speler, menta si speler diadoekeun djeung si publik (?)

Taoen 31 aja kenech ketjap diadoe Tjek bedja, koe kapalajna salawasna bestuur Vidolig, eta club baris diadoekeun deui (overspelen) ngan koe voorzitter Gebeo ditolak. (Lamoen sport, matjem kiroe teu perloe ditandjikeun deui! Red. Sip) O. J. s.

Voetbal wedstrijd.

(Keur Merapi fonds). Dina poé saptoe djeung Minggoe kamari ieu di aloca aloca Tjiamis geus diajakeun voetbal wedstrijd zonder barjar, ngan di saban paparatan aloen aloen di pegat koe djelema noe mawa bus tjengtielangan keur derma kororan --G. Merapi, saoekean. Beubeunangan tina ieu wedstrijd tjan bisa berangkeun.

ADVERTENTIËN

DOELHASID
HOEDENHANDEL
RADJAPOLAH

Radjapolah 14 December 1930.

Tanda tangan.

Saja ini Doelhasid hoedenhandel Radjapolah menerangkan bahwa saja ada mengandoeng sakit batoek sesek, badan koerang enak mendjadi koeroes dan tida bisa djalan apalagi bekerdja tida bisa, lamanja kira-kira doea tahoen; pake banjak obat-obat dari Doktor doktor tida bisa baek lantas saja berobat dari Toean Hakim Sahib M. Abdul Rahman tinggal di Goenoeng Sabeulah Tasikmalaja.

Di dalam 30 hari saja poenja penjakit bisa baek betoel, dan badan mendjadi sehat. Maka dari itoe, saja membilang banjak terima kasi sama itoe toean jang terseboet.

Saja jang terseboet diatas,
Wg. DOELHASID.

PLAAT GRAMOFON

Lagoe-lagoe SOENDA noe marodel sapertos :
Tembang Tjlandjoer, Najoeb, Degoeng, Tarawangsa,
Kendang Pentja, Wajang, Tjempoeng, Keteok
— Tiloe sareng sanes-sanesna deui. —
Tiasana kencing moeng dina merk :
Pangaos **COLUMBIA** Pangaos
f 2,50. **COLUMBIA** f 2,50.
doea lagoe doea lagoe

MUZEIKHANDEL
„DE HARP“

Singaparnaweg 45 — Tasikmalaja.



KETOE OEDENG

HALIM

WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —

Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. D. Oavia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1 f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiran Pasoendan (Soenda Kadjawan) ane endol alit ipis sareng anoe benteu, batikna oge roepi-roepi pang Ketoe oedeng wiran kadjawan, ngangga wireo 18 lapis sareng kepet (stetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe ngang sareng benteu.
Kopejah bloedroe hideung sareng beureum, nia kitoe deui model Medan tipis sareng leuleul raos dianggonna pangaos f 1,50 oekoer roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-bal Sindang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribo Poleng Soetra ditanggal kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe p kaloearan Soemding f 10,— palekar tjap korsi No. 1 f 3,2 Saajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngitoe.

TOKO TRIO

GOENOENG SABELAH 72 TELEFOON.
TASIKMALAJA.

Nembe pisan katampi roepi-roepi kaperloean para djoeragan anoe ditanggal langkoeng enteng pembajaranana, diantawisna Toko Trio parantos njajagkeun roepi-roepi kareta mesin ti noe pangawisna doegi ka noe pangmirhoen, malah ti ngawitan sasih ieu tiasa njajagkeun kareta mesin weuteuh

F 27.50.

Kakiatan ditanggal sataoen.

Pesenan ti noe rebih salamina kedah rembourc bae

Salam miwah hormatna
noe ngedjeng-ngedjeng.

Advies Prodeo ti Sipatahoen

Anoe teu atjan kagoengan Zakalmanak 1931 noe langk pepek cusia, kedah enggal ngagalieb :

ZAKALMANAK 1931
WEDALAN
DRUKKERIJ GALOENGGOENG
TASIKMALAJA

Djabi ti dieusian koe roepi roepi anoe perloe sadidintenna, maraon tiasa oeninga kapentingan djamaah Hikajat Awadj Oenoeq. Sawer panganten, reclame Amerika Choetbah Djoer sareng djabi ti eta.
Sanaos ajeuna parantos dipoeokan, pangaosna tina f 0,30 d roenkeun deui moeng f 0,20 djabi onkost.
Noe ngagalieb langkoeng ti 25 ex tiasa kencing kort

HATOER OENINGA

Para djoeragan henteu perloe ngilari ka Bandoeng, atanapi ka tempat sanes, oepami djoeragan perloe ngaggo bako Boeniharang sareng sadjabina ti eta, noe kwaliteitna ditanggal pangsaena.
Tiasa kencing lempengan, boengkoesan, pikoelan sareng kodian di Toko Bako Tjhideungbalongweg, pangaos dietang noe katjida matak njanangkeunana. Sadjabina ti eta sim koering ngadongkapkeun oge Ketjap tjap „Panggang Ajam“, noe parantos kamashoer keun kuraosana ti taen 1900 di kota Bandoeng sareng di sanes deui tempat, kaloearan Ouw Kang Pian. Para djoeragan tiasa soempling koe andjeun, kangge marios sareng ngaraosan ka toko sim koering, ditampi kalajan kabingahan.

Hoermat sim koering

Tan Kim Giok

Tjhideungbalongweg — Tasikmalaja.

ROBIHAN ANJAR.

CHEMICALIEN HANDEL

v.h. Toko Nic. Muller

Goenoeng Ladoe 15 — Telef. 26 — Tasikmalaja

Wirehna seueur pisan langganan-langganan ti loewar kota, anoe darongkap ka toko dina antawis taboeh 1-3 siang. Ajeuna ngawitan ti ping 1 Januari 1931 waktosna toko diboeka digentos sapertos noe kiserat di handap ieu :

KAPENCKER

Endjing² ti taboeh 7—12^{1/2} Sonten ti taboeh 3—7

DOEPI AJEUNA

Endjing² ti taboeh 7—12 Siang ti taboeh 1—5 sonten

Dinten Minggoe ti taboeh 9—11 siang. Dina dintenan pesta roetoeper teras.

Moeng oepami djoeragan-djoeragan aja kaperloean sarta ting sawios sanes waktosna toko diboeka tiasa ka boelani kalajan kabingahan.

Hormatna,
EIGENAAR.

BULLETIN !!

19-20 Februari 1931
1-2 Sawal 1349

Parantos tjaker

LEBARAN !!!

Kedah enggal, soepados tiasa kencing barang-barang Mas permata Berlian sinareng Inten pasca, barang mas, perak anoe sae, anoe tjoetog sareng anoe dipimaksud koe djoeragan-djoeragan ??
Kongkonan anoe sae, model sareng potongan anoe manis boestanaana raphi lemes sareng neijis ???
Kedah enggal angkat ti ajeuna ka :

TOKO INTEN

Juwelier & Goudsmederij
Pasarweg 1350 Kidoeloen Muloschool Tasikmalaja
— Ditanggal djoeragan² maal djanren kadochoeng. —

Boekoe

BANTENG INDONESIA

Dipariksaana OPAT LEIDERS P. N. I.
(Ir. SOEKARNO c.s.) di Landraad Bandoeng.

Teu tjoer ditjatak koe Memograph, ajeuna keur ditoeingtoet ditjatak koe drukkerij.

Pangaos satamata sapanantos ditjatak f 2,50 teu atjan ongkos, namoeng oepami timpah f 1,— atanapi f 1,20 per saangeteekend.

Firma POP

Tasikmalaja.

Enggal ngalanggan dagblad
SIPATAHOENAN

SEMINGKIN TERKENAL Limonade dan Aerblanda merk Gouden Ster

DAN

POERBAJA

Kwaliteitja semingkin tinggi ! Kabresihan dan karebikan kita ada goenaken masin pake tenaganja Electris jang di tilik betoel oleh Dokter kasehatan. Sesoeatoe pembeli tida oesa sangsi tjarihlah selamanja itoe merk jang ada briken tanggoengan tjoekeop dari kwaliteitja.

Memoedjiken dengan hormat

Gecombineerd Electris Mineralwat. fabr.

De „Goudenster“ en „Poerbaja“

Telefoon No. 114 — Tasikmalaja.

SIPATAHOENAN TAMBAH MADJOE

Waktoe ieu Sipatahoenan geus ngalengkah :

LAMBARANANA saban Saptoe ditambahan satengah lambar djadi salambar satengah.

LANGGANANANA saban poë ngareaan bae, djadi hidji sabab kana suksesna ka

:- noe neundeun advertentie biasa, kitoe deui ka noe ngeusian PELET. :-

Lalamoenan hajang nepi ka bisa oenggal poë LEUWIH ti salambar sarta ditjatakna oge koe drukkerij sorangan. Teu aja deui tarekahna lian ti minoehan heula :

FONDS SAPOELOEH REBOE